

## RARATAN JEUNG WARUGA NASKAH

### A. RARATAN NASKAH

Judul Naskah : Lalakon Gusti Patimah  
Panulis :  
Nu boga naskah : Pa Wiryadipura (70 taun)  
Kp. Cipeundeuy, Rt 02 Rw 07 Desa Taraju Sari, Banjan  
Fungsi Naskah : Banda Pusaka

### B. WARUGA NASKAH

Ukuran Naskah : 16,2 x 14 cm  
Ruang tulis : 12,5 x 13 cm  
Kaayaan naskah : Lusuh  
Jumlah kaca : 52 kaca ( kaca 1 tepi ka kaca 52)  
Jumlah jajaran tiap kaca : 9 jajar  
Basa : Sunda  
Aksara : Pegon  
Ujuran Aksara : Sedeng  
Wangun Aksara : Biasa  
Tapak Kalam : Mital, seukeut (ipis, kandel)  
Warna mangsi : Hideung jeung biru  
Warna kertas : Kuleuheu  
Jenis kertas : Kertas polio bergaris  
Kaayaan tulisan : Jelas (lancar dibaca)  
Cap kertas : -  
Wangun karangan : Puisi (ugeran)

## LALAKON GUSTI PATIMAH

### 1. PUPUH DANGDANGGULA

Tanggal 6 hapis 1356 1862. 1932,3 14

//1. Bismillahirrohmarrrohim (1)

Kulo nyebut jenengan Pangéran  
kang murah ing alam kabeh  
asih ka sadaya mahluk  
kulo nuwun pangaksami  
réh kulo kumawawa  
nu lua layang luhung  
tina Basa Arab Jawa  
para wargi seueur nu tacan kagalih  
éta anu dua basa

### 2. Malak mandar émutan sim abdi

Arab Jawa disalin basana  
Basa Sunda nu écés  
Nu ngaos ana ngadangu  
Hoyong terang lahir batin  
carios // na ieu layang (2)  
bab istri linunung  
jenengan Gusti Patimah  
enya éta éstu putra Kan jeng Nabi  
Muhammad Ya Rosululloh

### 3. Kacarios nu kawit di gurit

Nya Sang Ali Purwadaksina ngadika  
Ti kudrat irodatna téh  
Sareng Dingding Jalal Wahu  
Aras Korsi Elo Kolami

keur maruk geureuha  
Patimah diwujuk  
Nyai téh mugi ngumинга  
ilmu rasa sadaya mugi hasil  
Nyai sing ngéstukeun pisan

4. Apan aya bumi // sareng langit (3)

nya bakal irodat-Na ku Alloh  
bumi kudrat bakalna teh  
ngaras jeung kursi tangtu  
nya bakalna enur nu jadi  
Nyai mugi uninga  
Dingding Jalal kudu  
nu dijadikeun nya éta  
éta nyai uninga aksara alip  
éta pamanggih Engkang

5. Ya Muhammad lawa awal sayeukti

nama rusul lamahir sanyatna  
enya éta asalna téh  
jaler istri tangtu  
numawi heunteu sarua  
nya bakal na kolam mangsi  
kolam bakal lamang  
mangsi istri tangtu  
tah nya // éta asalna nu jadi mangsi (4)  
enay hihideungna soca

6. Anu jadi pameget sejati

ti gaib na bobodasna soca  
eta kitunasalna teh

wajib pameget tumut  
sapolah-polahna istri  
sabab asalna caang  
istri nu geus tangtu  
nu jadi hideungna soca  
anu mawi heunteu wenang imam istri  
sumawona jadi Sultan  
Sategesna Nyai heuneu nepi  
istri téa // manutan ka carogéna (5)  
ti dunya aherat ogé  
Kang garwa alon matur  
panarosna alon manis  
duh Gusti guru amba  
abdi pununuhun  
tin sih kurnia tuan  
na kumaha bakal ngaras sareng kursi  
abdi paparinan terang

7. Ya Sang Ali Purwaduksina ngagalih  
ngandika Rum Nyai Kursi éta  
aras eta cipta baé  
nya enggeus jadi satuhu  
sakabéh gé du rupi  
bumi langit nyatana maskawin tangtu  
Alloh Muhammad uninga //  
pék taroskeun maskawina hiji-hiji  
sinareng maskawin jagat

8. Jaler istri pek taroskeun deui  
maskawina jeung maskawin aras  
sareng Kursi Patimah téh

nya Dingding sasana tuhu  
sing uninga nu sayakti  
kabéh sing uninga  
bulan sareng surya  
sing uninga enung  
maskawina weungi beurang  
pék tanyakeun anu bayakti maskawin  
sakabeh sing kauninga

9. Margi acan sampurna nyai  
keterangan masih kumalamar  
kirang tebih nerapkeun téh // (7)  
mun uninga marah enung  
dimaskawin hiji-hiji  
éta leuwih utama  
manusa sa éstu  
mun socana terang waspada  
jaga Eulis dina pupus mah kapanggih  
susah ngarasa sakarat

10. Ingkang garwa matur pangabakti  
leres muhun panutan kaula  
nu asih ahérat ogé  
panutan abdi éstu  
mung paduka pupujaning ati  
Gusti panutan amba  
nu mana nu kiyu  
nu ngaran mas kawin Allah  
lan (sic) Muhammad abdi mugi-mugi harti (8)  
sinareng maskawin jagat

11. sareng pana poéna sayakti  
maskawina abdi mugi terang  
maskawina bulan ogé  
langkung abdi bingung  
enya saha anu nyaangan abdi  
mun taya panutan  
tuduh marga luhung  
Sang Ali Purwaduksina  
ngandika rumirah engkang asih gusti  
ngaranna maskawin jagat

12. Bulu kulit daging dina diri  
kaayaan Gusti Allah éta  
jeung Muhammad maskawin téh  
ati pubad nya wéku  
bulan ilmuna maskawin // (9)  
teges caang sanyatana  
getih suci kitu  
tepungna jeung sumsum urang  
enya éta maskawin anu rawi  
sinareng maskawin aras

13. Ari anu aras nu maskawin  
nya babalung sirah nu di urang  
maskawin manéh aras téh  
lamun nyai heunteu ma'lum  
Kang garwa tumaros ta'dim  
mugi abdi dipiwulang  
nyatana nu éstu  
mas kawin béntang paningga  
pupusuwaha manéh nu yakti

barengna jeung budi urang

14. Anu ngaran Dingding Jalal Nyai  
éta uteuk urang  
ti lilimpa sanyatana // terusna téh (10)

patepungna eron éstu  
nya éta maskawin misti  
Kursi sareng kolam  
maskawin madalna nur  
enya cahaya nyatana  
jadi hiji teguna nyatana hurip  
enya éta maskawin kolam

15. Ari éta maskawin wengi  
enya saré anu suci arwah  
paneda cipta eling téh  
Jaler istri tangtu  
nya mani nu suci maskawin  
sinareng maningkem téa  
nyai Nyai ngarungu  
Nyai téh teu acan terang  
kecap éta kang garwa tumaros ta'dim  
sumujud kana pangkonna. // (11)

16. Ingkang garwa mindo naros ta'dim  
kumaha panutan kaula  
aya deui panaros téh  
waktos sadayana unur  
ngaraosa jangji widi  
alam simpen téa  
pangartosna lawung

Sang Ali Purwaduksina  
ngandika rumengkeng ja engkang Gusti  
Asalna Nyai teu damang

17. Aras Nyai mirah engkan Gusti  
among Nyai Mustika konta  
teu leuwih ti istri kabéh  
nu diasih ku Yang Agung  
alam arwah nya mirah  
éta inget daran (sic)  
inget kabéh // kitu (12)  
taya bangsana kersa  
saparéntah tara lami énggal sumping  
upami dongkap ka mangsa
18. Na kumaha teu damang bet nyeri  
jujungkelan nyerina kacida  
na alam taun éta téh  
naonna nu inget kitu (sic)  
nalika eungeung pikir  
abdi Gusti mugi terang  
tegesna kulanun  
sim abdi teu acan terang  
saparantos langkung nyeri éta jalmi  
di alam naon ayana
19. Éta anu kakocapkeun deui  
anu kitu éta ucap saha  
éta nyawa ngarah engké  
tina jasadna kitu  
na ti mana jalanna // (13)

maksadna nyawa pindah  
pecatna nya kitu  
sareng euweuhna kumaha  
tina pindah kamana jalanna bijil  
sinareng rupana nyawa

20. Ri Sang Purwaduksina ngalahir,  
manéh Nyai Eulis jiwa ningwang  
ratuning sawarga manéh  
lamunna keur gering kitu  
ngarasakeun jungkel jumpalik  
enya éta alam barjah  
ingetna nu kitu  
dingaranan inget sadrah  
éta nyai sing émut anu sayakti  
kana piwuruk engkang

21. Teu kalana ceungeung maneh Nyai  
nya alamna laut ngarana nyata  
inget hidayat ngaran téh // (14)  
salapsana jalma kitu  
nyawana seug pindah deui  
dina suku cicingna  
dina indung suku  
ti dinya tuluy dibawa  
nya maneh unggah ( ... ngalih deui ) ka sagara kodim (sic)  
mancat ka sagara rahmat

22. Enggeus liwat ti sagara kodim  
nyawa mancat ka sagara rahmat  
manjat sagara kudus gé

liwat ti sagara kudus  
mancat sagara deui  
nya nagara istipna nu kocap satuhu  
kitu enggon panenatan  
nya éta nu ngaran kandegna hurip // (15)  
keur ngantos-ngantos paréntah

23. Manusa téh liwat ti sagara hurip,  
tuluy mancat sagara iptikar  
sagara pana éta téh  
mun enggeus nyorang kitu  
tuluy nyorang sagara deui  
ngaranna sagara Anta  
nyai awas kudu  
dongkap ka gedong simpenan  
enggeus nepi kana Dingding Jalal Nyai  
ka Aras korsi nya dongkap

24. Ingkang garwa alon matur ta'dim  
euh panutan mustikaning .....  
kumaha sategesna téh  
sagara kodim kapungkur  
..... sagara rahmat sayakti  
mugi abdi parin terang  
langkung hayang weruh  
Ali duksina ngandika  
aduh Eulis engké engkang rék ngarisik  
anu saenyana pisan

25. Garwa engkang istri anu leuwih  
pandita gé teu bisa mapakan

Sagara kodim éta téh  
nya nyata nyatana tunur  
enya éta larangan  
ngaran Bumi Kudus  
na puseur nyai pernahna  
anu ngaran sagara istipna Nyai  
sahandapeun dada urang // (17)

26. Pada haras pernah naléh nyai  
na salila éta téh nyatana  
sakabéh rarasan baé  
nu hade nu goreng kitu  
di sadaya Nyai Gusti  
dingaranan Saniskara  
sadaya kumpul  
na usus Nyai pernahna  
taya nu lian ti diri  
sanyatana tanteu pisah

27. Ari éta lahut anu pasti  
digaranan dunungan nu nyata  
dina beuheung pernahna téh  
sanggeus ngarasa kitu  
dingding Jalal ngarana Nyai  
seug dongkap ngaras korsina  
nyawa manéh pupus  
geus mancat ka gunung arpat // (18)  
geus ka ider ku nyawa sakabéh sami  
geus dongkap ka alam Hiyal

28. Dina alam anu leuwih risi

nyawa manéh lureun anu talaga  
kalkaosar ngaranna téh  
dinya anu leuwih bingung  
milih-milih anu suci  
dina gedong jasad  
nyawana téh kitu  
langkung isin ku Pangéran  
éta sawa neda ka Gusti Yang Widi  
euh Gusti Allah Pengeran

29. Ingkang garwa lajeng matur manis  
duh Panutan Mustika sadaya  
kumaha sategesna téh  
Dingding jalal saéstu  
seug dawahkeun ka abdi Gusti // (19)

Sang Ali Duksina nabda  
nyawa jiwa ning sun  
tegesna Nyai utama  
henteu aya istri nu saperti Nyai  
Mustika jero sawarga

30. Duh mas Mirah istri nu lineuwih  
nu minangka Ratu Widadarya  
maneh asih nu bener téh  
Nyai Mustikaning sun  
nya pun akang hamo pisah benji  
dumugi ahérat  
Akang sareng eneung  
Sang Ratna ngaturkeun sembah  
Ieres nuhun Pangéran abai sayakti  
nya Gusti panutan amba

31. Na kumaha saterangna Gusti // (20)

dingaranan enya dingding jalal  
sareng ngaras jeung kursi téh  
magi abdi Gusti wuruk  
terangkeun anu sayakti  
Kang Aka alon ngandika  
dingding jalal kitu  
hakékatna mah di urang  
Jalal éta Nyai Eulis nyata daging  
anu dingaranan Jalal

32. Saperti kolam éta Nyai

ati urang eloh éta papad  
Kursi pupad nyatana téh  
nguras rasa pangambung  
nu dingaranan Waridmedahi  
nya nu dina seuneu téa  
manehna ngarungu  
sipat // Jalal Jamal Kohar (21)  
Jalal daging nu jamal nyatana getih  
kahar sategesna napas

33. Enya Nyai sipat Kamal Yakti

hakékatna nu Kamal nya éta  
telaga sanyatana téh  
kalkausar saéstu  
sategesna jajantung yakti  
sakalinting herang  
tempat nyawa nyumput  
Kang Rai matur cong nyembah

na kumaha nyatana sahiji-hiji  
mugi abdi dicaangan

34. Nya Sang Ali Purwduksina ngalahir  
rupa nyawa moal katingalan  
tingkah jeung pamolahna téh  
teu aya bédana kitu  
ngan // bédana gedé leutik (22)  
ngan pakéan nya upama  
kembang beukah kudu  
nu kudu pinangka nyawa  
anu beukah minagka jasad anu bukti  
jero luar upamana

35. Mimitina ker esa Sang Widi .....  
ngan rupana nyawa nu sayakti  
seperti nyiruan keur nyerang  
nya kitu upamina téh  
garwana Anembah matur  
kaula Gusti panutan abdi  
sim abdi piunjuk  
nyawa jalana nilar badan  
éta nyawa kamana badana ngalih // (23)  
Ali Duksina ngandika

36. Mimitina kersana Yang Widi  
Allah éta keur ngasupkeun nyawa  
saha nu uningauin téh  
sareng sabdana Yang Agung  
na dimana manggona linggih  
abdi mugi-mugi terang

Gusti keur ngadawuh  
Purwaduksina ngandika  
Gusti Allah harita maparin jangji  
Basa di Sagara Rahmat

## 2. EMASKUMAMBANG

1. Mimitina Alloh Taalla téh jangji,  
dingaranan Alam,  
luhung ..... // ngaran pasti (24)  
tumurun ka alam arwah
2. Enya tuluy gumelar taya nu kari,  
perlu kudu awas  
nu ngaran Dingding sing yakti  
kana tempatna sadaya
3. Manéh Eulis masih uninga sayakti  
rai matur nyembah  
leres nuhun abdi yakti  
saparantos abdi wapat
4. Tempat mana ku abdi anu dipilih  
pijalaneun dongkap  
nyawa téh ... (sic)  
dimana abdi ngantosan
5. Ring Sang Aji Purwaduksina lajeng ngalahir // (25)  
lajeng nyawa dongkap  
utusan kersa Yang Widi  
leuwih alus cai kuna

6. Leuwih alus cai kun sarta beresih

Nyai mugi terang  
angina éta dumugi  
tetenger éta manusia

7. Nu tipayun hideung éta rupa angina

beureum nu kadus  
katilu rupana kuning  
nu kaopat rupa boda

8. Enya éta paméakan éta angina

éta angin mulya  
tegesna cahaya wening  
Kang Rai matur sinembah

9. Na kumaha kersa Gusti nu sayakti

angin pangheulana // (26)  
kumaha rupana nu yakti (sic)  
nya hideung angina rupana

10. Anu beureum sareng anu konéng angina

sareng angina boda  
Ali Duksina ngalahir  
ari angin ideung éta

11. Cahayana Sang ijroil éta Nyai

angin beureum téa  
cahaya sang jabroil  
angina konéng sanyatana

12. Tah nya éta cahayana sang Isropil

angin anu bodas  
éta cahaya Minkail  
tah kitu // enya kitu wasiat (27)  
Engkang

13. Ingkang garwa matur sareng ta'dim-ta'dim  
abdi dipiwelas  
nyatana ari ijroil  
enya éta rasa urang

14. Saenyana Jabroil nyatana Nyai  
pamiharsa urang  
tegesna ari Isropil  
enya éta napas urang

15. Ari éta sategesna Sang Minkail  
éta pupad urang  
didinya keur tempat nganti .... (sic)  
nya éta di alam hijal

16. Nya didinya tempat ngantos-ngantos Nyai  
dongkap malaikat  
éta nyandak nyawa misti  
malaikat anu opat

17. Pék diwejeng asup bijil nyawa Nyai  
nu bijil nya éta  
nyawa éta nu sayakti // (28)  
sareng ngawuruk nu opat

18. Éstu terang kana jasad wélas asih

tobat ka Pangéran  
nyawa ka keur (sic) Yang Widi  
kalangkung nyaah ka kasad

19. Mugi-mugi sadaya uninga sami

lajeng dijangjian  
nya nyawa di alam gaib  
sami nyawa sadayana

20. Lajeng mancat ka lawang Hijal dimugi

tumaros Kang garwa  
mana pernahna nu yakti  
nu alam gaib nyatana

21. Ri Sang Purwaduksina alon ngalahir

alam gaib éta  
tempat ani leuwih suci  
teu muka salalamina

22. Ari éta Alam Hijal éta Nyai // (29)

hakekatna manah  
gedong gupit mandar gipi  
tah didinya nya ngantosan

23. Tina tresna badan badeg éta Nyai

bisi kasangsara  
saupami diantos  
hoyong dugi ka sampurna

24. Nya dicandak nyawana mancatna ngalih

kana alam punah

Ikro Muhammada sindir  
sadaya ngangken sasama

25. Nya dicandak dongkap alam Ulawiyahi  
payunen Pangéran  
Pangéran ngandika ririh  
lah naon kersa Muhammad
26. Geus mernahkeun sakabéh kaula kami,  
pasrahkeun malaikat // (sic) (30)  
sadaya lajeng di tampi  
malaikat kana nyawa
27. Malaikat ngaranna Sam hail (sic Gurwil)  
énggal lajeng nanya  
ka nyawa anu Islam sami (sic Gurwil)  
tetep baktina sarua
28. Malaikat sareng uluk salam sami  
Salnail alon ngandika  
sadaya ditaros sami  
nyawa ditinik sadaya
29. Tingkah polah janabat sampurna tadi  
nyawa lajeng liwat  
lamun teu smpurna tadi  
balik deui dibawa ku malaikat (sic Gurwil)
30. Geus ngaliwat ti dinya seug naék deui // (31)  
langit dua datang  
di dinya gé aya deui

nu tunggu lawang sarua

31. Malaikat kabéh uluk salam sami

salsail mariksa

pada dipariksa sami

nyawa ditilik sadaya

32. Pamolah ra janabat enggeus beresih

nyawa tuluy liwat

upama acan beresih

balik deui seug dicandak

33. Malaikat parantos ti lawang kalih

katiluna datang

dipariksa lampah tadi

..... salat enggeus sampurna

34. Lamun acan solat sampurna di lahir

nyawa deui mulang

nyawa tangtu balik deui //

(32)

lamun geus sampurna liwat

35. Tidinya lajeng dongkap kaopatna lagit

nyawa dipariksa

lampah puasa nu bersih

upami tacan sampurna

36. Dibalikeun éta nyawa kamimiti

tina malaikat

margi kirang saum tadi

mun parantos yasa liwat

37. Lajeng dongkap engké kalimana langit  
énggal dipariksa  
lampahing wiladah tadi  
sareng nipas sadayana
38. Mun sampurna lajeng nyawa liwat luis  
parantos dongkapna  
énggal kagenepna langit // (33)  
mun sampurna jakat fitrah
39. Mun teu acan sampurna mah balik deui  
jakat sareng fitrah  
heunteu lebet nyawa tadi  
mun sampurna nyawa teras
40. Lajeng dongkap kana katujuhna langit  
dinya dipariksa  
beubeunangan jadi murid  
teu ngéstokeun ka guruna
41. Tinya balik sarta nutup lawang kursi  
dipariksa lapad  
wuwuruk ti guru Mursid  
mun geus bener ya saliwat
42. Dina langit dipariksa pangabakti  
ka rama ibuna  
sampurna mah sareng mulih  
ka luhuwiyah nu éndah // (34)
43. Nu sagala Komala permata leuwih

nya Alloh ngandika  
sadayana nyawa nguping  
nya Kanjeng Nabi Muhammad

44. Umat abdi sadayana mugi-mugi  
koncuk datang tuan  
sadaya sami muslim  
sami tumut ka dawuan

45. Lajeng Alloh Taala ngandika Aris  
éh marénah nyawa  
terus sing awas ka diri  
tah ténjokeun eta jasad

46. Malaikat bawa balik nyawa hanjig  
malikan jasadna  
jalma Islam anu Mu'mim  
kadinya sakedap dongkap

47. Éta nyawa dicandakna ku Jabrail  
dongkap kana jasad, // (35)  
gumilang gilang nelahi,  
jalma tuhu ka guruna

48. Lajeng dongkap dina payunen Yang Widi  
nyawa sareng jasad,  
nyawa langkung welas asih,  
enya ka jasad manehna

49. Inya Allah Pangéran abdi sejati  
muga maparinan

mulya jasad abdi Gusti  
sareng abdi ulah pisah

50. Seug dicandak di asupkeun asup deui,  
ka jero kuburan,  
lajeng diurugan bumi,  
saparantos diurugan
51. Lajeng nyawa matur deui nging Yang widi,  
duh Gusti Pangéran,  
jasad abdi Gusti pasih,  
nu cakap // mulyana amba (36)
52. Anu ngubur sadayana sami  
ngan kantun nyalira  
taya réncang dina bumi  
ngémut-ngémutkeun salira
53. Kasaéan kaawonan keur dilahir  
kedah ditulisan  
tingkah polah keur dilahir  
keur waktu di alam dunya
54. Sakabéhna panggawé kudu ditulis  
kudu sing tépéla  
sagala panggawé tadi  
sing tépéla sadayana
55. Keur kitab ta teu aya keretas mangsi  
teu cara di dunya  
aya keur ihtiar kuring

mangsina ogé teu aya

56. Anggeusna hanteu aya kalam // henteu cukup nulis (37)

Sang Aruman wakca  
ngadawuhna anu manis  
henteu kurang kersa ninggang

57. Anggeus pepek jasad manéh ogé mahi

pi sikabeunana  
ciduh manéh eukeur mangsi  
jariji manéh keur kalam

58. Geuwat-geuwat manéh sing bener nya nulis

pagawéan dunya  
basa manéh eukeur hurip  
éh ... kabéh hampura

59. Jeung kudroting Pangéran teu owah gingsir

nu taya wekasan  
adan parto ... lestari  
... yaksa dina serat

60. Ditilepan di // gantungkeun surat tadi (38)

Arman resep mitra  
euh layon manéh sing beucil  
éngke aya malaikat

61. Mangke aya anu gedé leuwih bangis

Sarta mawa gada  
geus saalam dunya tadi  
digadak waktu di dunya

62. Ingkang garwa matur sumujud ngabakti  
malaikat éta  
saha jenengan sayakti  
sareng naon beusi gada
63. Sayadina Ali Duksina ngalahir  
malaikat éta  
ngaranna Munkar nu yakti  
wanan kitun nusatunggal// (39)
64. Lajeng gadana ditinggalkeun supami  
kana bumi rempag  
diteungeul kana langit  
langitna sadaya rebah
65. Diteunggeulkeun kana jasad sirna leungit  
lebur henteu aya  
nya éta jalanna nyai  
mulyana jasad jeung nyawa
66. Euh panutan di mana nyatana yakti  
munkarun nyatana  
naon tanyana nu yakti  
abdi gusti mugi terang
67. Ri Sang Purwduksina ngandika manis  
Munkarun asalna  
ka kawah tadi nu jadi  
wana kiruh mah asalna

68. Tali ari-ari éta nu jadi // (40)

indung leungeun gada  
milah malaikat Salsail (sic)  
pamungkus nu basa medal

69. Malaikat Arumankesangnu jadi

waktu manéh medal  
pamiharsa ning sun yayi  
engkang darma tuduh jalal

70. Ulah mungkir kana pangandika Nyai

mun hoyong kapendak  
sing uninga nu sayakti  
sing awas ka payunna

71. Dina jaga ulah samara nya tingali

nu kitu nya éta  
enya éta anu jadi  
teu lian tina manusia

72. Ti ayeuna dumugi ka jaman ahir

sami henteu bédá  
Ahad tanggal 12 Hapit 135  
20 Maret 1932 // (41)  
anu lahir tina batin  
ngan manéh masing arawas

73. Poma-poma ngagurukeun masing yakti

enya basa éta  
bab sakarat masing sidik  
mun teu terang mah engkena

74. Da engkémah boraah nanya ilmi  
pan keur keueung jasad  
teu meunang hampura yakti  
mimiti ngampura éta

75. Mimitina ngampura guru anu yakti  
ngampura Muhammad  
lajeng Allah ngampura kib  
jadi sirna kénging rahmat

76. Lamun teu kitu tangtos tiwas nyai  
asal kuru téa  
nu nuduhkeun kana ilmi  
asal nyaho ka awakna // (42)

77. Éling-éling kanyaho anu sayakti  
éta pasti mulya  
jasad nyawa anu nga mpih  
kalawan pitulung ning Yang

78. Poma Nyai sing awas manéh ka ilmi  
kana diri urang  
kadé ngaalonan dengki  
jeung kabéh anu dicegah

79. Nya ka Allah sumawonna Kanjeng Nabi  
Allah wani nyangka  
jadi tiwas lahir batin  
mun deuk nyerang nu dicegah

80. Jadi maneh mungkirna anu kapanggih  
di dunya ahérat  
kaliwat sangsara diri  
henteu aya nu nulungan

81. Rama Ibu teu bisa nulungan ka diri // (sic) (43)  
margi sami susah  
sangsara susahna sami  
sami taya karaosan

82. Henteu lian tina pamanggih suci  
ngaraksa dirina  
teu nyimpang ti gawé suci  
henteu midamel nu murka

83. Pasti mulya di ahérat leuwih mukti  
teu manggih masakt  
margi saé lampah tadi  
ngajuhkeun damel haram

84. Henteu pisan kersana nyimpang saeutik  
ku sieun ku Allah  
dua ku Muhammad nabi  
tina temen pangéstuna

### 3. KINANTI

1. Kawitna carios luhung  
nganyata // keun istri-istri (44)  
carogéan jeung henteuna  
nganyatakeun lakirabi

tina sadaya ganjaran  
sareng siksaan nun u bukti

2. Teut kalana Kanjeng Rosul

linggih dian bumi Ali  
waktos ngawuruk putrana  
ka patimah ratu istri  
angandika. Rosululoh  
ya ptimah putra kami

3. Lamun aya isrti kitu

ka carogé keras ijid  
sasoré atawa siang  
sadinten atawa wengi  
Dawuban Alloh Ta'ala  
ti kabéh malékat sami

4. Ka istri dorak bendu //

(45)

ka carogé ogé sami  
Naraka lajeng dibuka  
lawangna muka pribadi  
pengguna istri doraka  
ngadahar pameget sami

5. Pangandika Kanjeng Rosul

nya Patimah anak kami  
mun aya istri satia  
dicalukan ku salaki  
lila teu kersa nemonan  
nga lep ka kersa yang Widi

6. Cahayana istri kitu  
jadi geuneuk ka rarahi  
tepi ka poé kiamat  
dawuhan Alloh (sic)  
ka malaikat sadaya  
aéh malaikat Kami

7. Tulisan awéwé kitu  
nu dosa kabeh ge sami  
singsieunan // ti sagara (46)  
saka béh béntang di langit  
dosana awéwé eta  
disaur teu kersa sumping

8. Lajeng miwarang Yang Agung  
ka malaikat sami (sic)  
opat puluh pada nyandak  
gunting harita ngagunting  
kana rambut istri téa  
nu doraka ti salaki

9. Nabi angandika arun  
éh patimah anak kami  
mun aya bangsa Pandita  
dipundutan ku salaki  
henteu enggal ngalakonan  
ari dawuhan YangWidi

10. Malekat jabaniyatú  
nu tunggu naraka api // (47)  
pék abus kana naraka

najan aya bangsa istri  
éta istri getol solat  
saum bulan Ramadhan

11. Teu katampi ku Yang Agung

pangandika Kanjeng Nabi  
ya anak isun patimah  
lamun aya bangsa istri  
ngangseu panangan oliya  
tina sabab resep ati

12. Tina muka lawang lucu

lawang sawarga anu leuwih  
sareng sami ngaruleman  
lawang naraka gé sami  
tinya nabi ngandika  
ya Patimah anak kami

13. lamun aya istri kitu

sering ningali salaki  
nundedegan salira // (48)  
sinareng manis ningali  
sinarang suka manehna  
handapeun tenggrk ningali

14. Sami hatam kur'an tangtu

tina pangandika nabi  
ya anak isun Patimah  
masing temen manéh nyai  
muruk ka sakabéh umat  
lamun aya bangsa istri

15. Nu enya arék guguru  
ka carogéna ngabakti  
geuwat pangnedakeun éta  
jeung jalmana perang sabil  
sina asuo ka sawarga  
teu meunang ku akhir

16. Angandika kanjeng Rosul  
ya Patimah anak kami  
mun aya bangsa Pandita// (49)  
henteu kersa maparin  
maparin ka carogéna  
kalangkung bendu Yang Widi

17. Kabangsa istri nu kitu  
ti dunya ahérat pasti  
henteu pisan meunang rahmat  
Gusti liwat sengit (sic)  
kanjeng Nabi angandika  
éh Patimah anak kami

18. Lamun aya anu kitu  
saniskara énggal sumping  
ka panundut carogéna  
nu dipundut énggal bukti  
pangandika nabiyullah // (50)  
ka carogé welas asih  
tah éta istri utama  
carogéna welas asih

19. Nya sinung rahmat Yang Agung  
dening Allah Maha Suci  
geus taya itunganana  
di dunya sareng di akhir  
kanjeng Nabi angandika  
ya Patimah anak kami

20. Lamun aya istri kitu  
ngajenan ku saur manis  
tatakaramana rendah  
jadi istri nu nastiti  
linasihan Gusti Allah  
pasti manjing sawaragi

21. Istri tangtos jadi ratu  
ti sadaya widadari // (51)  
pameget langkung asihna  
ka geureuhna keur di lahir  
geus teu aya nu mapakan  
hadis tina kitab babwi

Alhamdulillah

- Nuhun ka Gusti nu Mahasuci  
ngayakeun turutaneun keur abdi  
Gusti sadayana sugri nu kersa  
Numutkeun wuwurukna panutan urang
  
- Nabi nu sakitu saéna
- Rusul nu 25
- Seueurna wali nu sakitu seueurna muphim nu sakitu seueurna

- Waliyullah 10 Wk. tunggal
- Amin ya Robalalmin
- Nuhun Gusti ayakeun sejat nu kersa ngebatkeun padamelanjalan salamet lahir batin dunya ahérat
- Urang nuhun ka sadaya sepuh sugri anu dikersakeun ku kersana Gusti kang ..... maparingkeun pituduh puji pinuji
- Kitu deui sadayana .... Istri pameget mugi sami dikobul .... Salamet lahirna batinna dunyana ahératna  
salamet, Amin Ya Robbalalamin

Senen, 13 Hapit 1350 .....

1533.21.3 //